



# National Benevolent Association

CALLED TOGETHER | CALLED TO CARE

National Benevolent Association an se ministè ki ap milite pou sèvis sante ak sèvis sosyal nan Legliz Kretyèn (Disip Kris), epi li mete tèt li ansanm ak kongregasyon, rejyon, ministè jeneral yo, ak yon seri founisè pou nou kapab kreye yon seri de kominote ki gen konpasyon ak lanmou.

Travay komen nou, se kote nou mete tèt nou ansanm pou moun nan kominote a e ansanm avèk yo pou nou kapab fè moun konnen genyen lòt bezwen ke nou pa okipe vre tankou: kay ki pa twò chè, sante esprityèl pou moun ki nan prizon, sèvis pou timoun ak fanmi, pwogram pou gramoun ki gen pwoblèm entelektyèl e ki paka devlope nòmalmman, pran swen epi defann tigranmoun yo, inisyativ ki la pou konbat famin, ak lòt efò ki ap chèche konble bezwen imen yo sou toutaspè.



## KOUVE

NBA (Asosyasyon Bonte Nasyonal) la responsab yon pakèt nouvo ministè, li ranfòse pwojè ki gen rapò ak sante ak sèvis sosyal yo ki respekte prensip Disip yo epi li ede yo pou yo konsantre yo sou kijan yo kapab grandi, kijan yo kapab genyen plis enpak pou yo kapab dire lontan. Gras avèk *NBA Incubate Initiative*, nou sipòte tout entreprenè sosyal kretyen yo ki ap sèvi nan kominote yo epi ki ap inovè.



## INISYE

NBA inisyè ministè ki la pou yo kapab kreye epi ranfòse patenarya yo genyen ak moun ki sipòte yo ansanm ak tout founisè ki nan sektè sèvis sante ak sèvis sosyo yo. Nan lane 2014 lan, nou te kreye **NBA XPLOR**, ki se yon staj kretyen pandan 10 mwa kote jèn adilt yo ap chèche pou yo viv yon vi ki gen konpasyon ak lanmou.



## KONEKTE

NBA aranje li pou li konekte yon seri ministè ki nan sektè sèvis sante ak sèvis sosyal nan Disip yo ak lot patnè ki nan misyon yo. Koneksyon sa yo pèmèt yo pou yo aprann, pou yo kolabore epi pou yo grandi ak plis fòs. Nan rezo nou yo, nou gen **NBA Affinity Groups** ki nan sektè prizon yo ak tout sektè sante mantal ak tout byenèt legliz la.

Jodiya, ministè NBA yo gen kòm baz misyon istorik ki se “**pran swen sa yo ki pi piti nan mitan nou.**” Vizyon nou ki repoze sou misyon sa se kote nou vle enspire epi envite moun ki gen lafwa yo pou nou travay ansanm nan ministè sa pandan n’ap reponn apèl Bondye ki se pou nou genyen konpasyon lè nou ap tande, nan jan nou ap òganize nou ak jan nou ap chèche lajistis. Ansanm, **nap kreye kominote ki plen ak konpasyon ak lanmou.**

[www.nbacares.org](http://www.nbacares.org)